



Pou Piblikasyon Imedya: 05/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 149 MILYON DOLA NAN SIPÒ KOMINOTÈ DIRÈK KI DISTRIPIYE BAY NOUYÒKÈ K AP VYEYI YO PANDAN PANDEMI AN

Finansman enpòtan pou ede Nouyòkè ki pi aje yo satisfè bezwen debaz yo, rete nan kay ak kominote yo epi ralanti pwopagasyon COVID-19 la

Administrasyon Hochul la ap dirije efò nasyonal pou modènize Lwa sou Ameriken ki Pi Aje yo ak elaji investisman federal yo ki sipòte sèvis ki ekonomik pou popilasyon k ap vyeyi a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a anviwon 149 milyon dola nan èd federal te distripiye bay konte yo nan tout eta a pou ede Nouyòkè ki pi aje yo satisfè bezwen debaz yo, rete nan kay ak kominote yo, ralanti pwopagasyon viris COVID-19 la ak vaksinen.

Desizyon an vini nan rekonesans gwo kontribisyon ekonomik ak sosyal ke moun ki pi aje yo fè pou kominote ak fanmi nou yo. Finansman sipò sa a se egzanp distenksyon New York kòm premye eta nan nasyon an ki adapte pou moun aje, jan Òganizasyon Sante Mondyal (World Health Organization, WHO) ak AARP deziyen li.

"Kominote ki pi aje nou an bezwen sipò anpil, epi itilizasyon fon relans federal la pral ranfòse rezo sèvis moun aje nou yo epi pote sipò bay sila yo ki bezwen li", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anpil sèvis esansyèl pral kontinye fonksyone—livrezon manje ak medikaman, transpò, konbat izòlman sosyal ak sispann abi sou moun ki pi aje yo ak eksplwatasyon finansye, tout sa pandan y ap sipòte manm fanmi ki pran swen moun ki pi aje yo pou yo kapab retounen nan travay. Bezwen sa yo pral kontinye pèsiste ak grandi byen odela pandemi an, men administrasyon mwen an pral travay san pran souf pou satisfè bezwen popilasyon k ap vyeyi nou an".

Anba a gen montan finansman relans lan pou rezo sèvis moun aje nan New York ke rejyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) la delimite:

Rejyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Council, REDC)	Fon Relans lan Livre
Western New York Allegany, Cattaraugus, Chautauqua, Erie, Niagara	\$11,488,696

Finger Lakes Genesee, Livingston, Monroe, Ontario, Orleans, Seneca, Wayne, Wyoming, Yates	\$8,917,053
Southern Tier Broome, Chemung, Chenango, Delaware, Schuyler, Steuben, Tioga, Tompkins	\$5,401,414
Central New York Cayuga, Cortland, Madison, Onondaga, Oswego	\$5,563,927
Mohawk Valley Fulton, Herkimer, Montgomery, Oneida, Otsego, Schoharie	\$4,355,631
North Country Clinton, Essex, Franklin, Hamilton, Jefferson, Lewis, St. Lawrence	\$4,259,349
Capital District Albany, Columbia, Greene, Rensselaer, Saratoga, Schenectady, Warren, Washington	\$7,136,560
Hudson Valley Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Sullivan, Ulster, Westchester	\$15,237,162
New York City	\$69,492,838
Long Island Nassau, Suffolk	\$17,617,519

Gouvènè Hochul ap travay tou pou pwofite investisman relans federal sa yo, rekonèt ke asistans pou moun ki pi aje yo ak swayan fanmi yo ede kenbe kontribisyon ekonomik ak sosyal yo nan kominote a. New York ap dirije yon efò nasyonal 2.7 milya dola pou modènize Lwa sou Ameriken ki Pi Aje yo, ki se estrikti federal finansman ak règleman k ap gouvènè pwogram sèvis eta ak lokal pou vyeyès yo.

Nan kad Lwa sou Ameriken ki Pi Aje yo, pwogram sèvis New York pou moun aje yo prensipalman jwenn finansman dola eta ak konte ki reprezante 85 pousan depans pwogram lan, konpare ak yon kontribisyon federal 15 pousan. Pandan pati federal sa a te ogmante anpil nan kad Plan Sovtaj Ameriken an, Gouvènè Hochul ap mande finansman dirab pou satisfè responsabilite rezo a k ap grandi amezi popilasyon moun ki pi aje an ap ogmante.

Plan Gouvènè a ap pote 175 milyon dola anplis bay New York. Efò modènizasyon OAA a pral mete ajou tou pati yo ki obsolèt nan Lwa a, abòde lesou nou te aprann nan pandemi an ak elaji ak inovasyon sèvis.

Biwo Eta New York pou Vyeyès (New York State Office for the Aging, NYSOFA) la travay an patenarya avèk yon rezo 59 Ajans Rejyonal sou Vyeyès pou bay sèvis sipò vital nan chak konte, sa gen ladan repa ki livre adomisil oswa an gwoup, konsèy sou nitrisyon ak edikasyon, repi, sèvis jiridik, swen pèsònèl, jesyon ka, transpò, konsèy sou asirans sante, resous pou defans pou rezidan ki nan etablisman swen sante alontèm yo ak lòt. Rezo a gen ladan 1,176 kontraktè, 777 sant pou moun aje, 819 sit repa kolektif, 315 kwizin santral ak 2,057 itinerè repa ki livre adomisil.

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Pandan pandemi an te modifye chak fasèt lavi nan New York, li te gen yon efè pwofon espesyalman sou lavi Nouyòkè ki pi aje yo, te pran twòp nan men nou epi kite anpil san posibilite pou satisfè bezwen debaz yo, nan krent ke yo ka pèdi kay yo ak izole nan kominote yo. Lè mwen te pote Plan Sovtaj Ameriken an nan Sena a pou yo apwouve li, mwen te batay espesyalman pou fleksibilite nan pwovizyon eta a repati pou New York ka abòde pwoblèm ki te ogmante yo akòz pandemi COVID la, espesyalman pou rezidan tankou moun aje nou yo ki pi vilnerab. Nou dwe kontinye sipòte Nouyòkè ki pi aje nou yo pandan n ap rekipere apre pandemi an, epi mwen kontan travay avèk Gouvènè Hochul pou bay asistans pou rezidan nou yo ki plis bezwen li".

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Chak grenn Nouyòkè merite opòtinite pou vyeyi avèk diyite nan konfò pwòp kay yo ak pwòp kominote yo. Mwen fyè dèske mwen te ede livre finansman sa a pou sipòte bezwen fanmi tout laj ak andikap yo k ap chanje, espesyalman pandan kriz COVID-19 la. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou travay san pran souf li pou sipòte moun ki pi aje yo epi enpasyon pou patenarya kontinyèl nou an pou ekipe popilasyon aje nou an avèk resous yo bezwen pou pwospere".

Reprezantan Mondaire Jones te deklare, "Mwen fyè dèske mwen te ede sekirize finansman sa a nan kad Plan Sovtaj Ameriken an epi mwen aplodi Administrasyon Hochul la dèske yo te fè bon itilizasyon de li pou kominote nou yo. Moun aje nou yo se manm vital kominote nou yo epi nou gen yon obligasyon moral pou asire yo kapab viv avèk diyite. Pandan n ap soti anba pandemi COVID-19 la, finansman sa a enpòtan pou pwoteje sante, sekirite ak pwosperite moun aje yo nan Westchester, Rockland ak atravè New York".

Greg Olsen, Direktè NYSOFA, te deklare, "Pandemi an te revele ak nasyon an kijan rezo moun aje a enpòtan anpil nan bay sèvis, ralanti pwopgasyon viris la, kenbe moun yo an sekirite ak sove lavi. Nou gen apeprè 50 ane eksperyans nan travay avèk moun ki pi aje yo pou ba yo avantaj yo merite, jwenn travay, rete an sante ak bay sèvis pou kene yo kote yo vle ye - nan kay ak kominote yo chwazi yo - pou yon depans pou sèvis an mwayèn pou chak moun ki mwens pase 10,000 dola chak ane. Nou tout dwe jwe wòl nou pou konbat diskriminasyon kont vyeyès ak estereyotip yo epi rekonèt kijan popilasyon sa a enpòtan. Lidèchip Gouvènè a se rezon ki fè rezo nou an gen tout siksè sa epi mwen fyè anpil pou wòl yo, espesyalman pandan repons ak pandemi an, dèske yo kontinye inovè ak travay di pou satisfè bezwen yo pandan moman difisil".

Beth Finkel, ki se Direktè AARP Eta New York, te deklare, "Pratikman tout moun ki pi aje yo vle rete nan kay ak kominote yo epi kenbe yo an sante ak an sekirite se yon bagay ki endispansab. AARP New York remèsye Gouvènè Hochul dèske li asire èd fedral sa a ap ede Nouyòkè ki pi aje yo atravè Eta a, epi ap kontinye fè New York - premye Eta ki rejwenn Rezo AARP/Oganizasyon Sante Mondyal pou Eta ak Kominote ki Adapte pou Moun Aje an 2017 - kote moun tout laj kapab viv".

Stephen J. Acquario, ki se Direktè Egzekitif NYSAC, te deklare, "Okenn moun pa te peye yon pri ki pi wo pou pandemi COVID-19 la pase Nouyòkè ki pi aje yo, nan zafè pèt lavi ak nan entèripsyon sèvis ki ede moun aje yo viv avèk diyite. Pandan pandemi an, Biwo pou Moun Aje konte yo te nan premye liy yo, nan asire Nouyòkè ki pi aje yo te kontinye jwenn aksè ak manje ak asistans pou inisyativ vaksinasyon COVID yo, jis pou site sa yo sèlman. Nou remèsye Gouvènè Hochul dèske li te distribiye finansman sa a piske sa enpòtan pou sipòte travay premye liy esansyèl ke konte yo fè pou sipòte Nouyòkè ki pi aje yo ak fanmi yo epi ede nou travay ansanm—ajans sèvis konte, eta ak kominote lokal nou yo—pou ede kenbe moun aje nou yo an sekirite ak an sante".

Direktris Egzekitif Aosyasyon sou Vyeyès nan New York (AANYS) la, Becky Preve, te deklare: "Asosyasyon sou Vyeyès nan New York (Association on Aging, AANYS) la aplodi investisman nesèsè ak enpòtan nan sèvis vyeyès yo ke fon sa yo te bay. Rezo 59 Ajans Rejyonal sou Vyeyès la enpòtan pou sante, sekirite ak byennèt moun ki pi aje yo ak fanmi yo epi COVID-19 la te ogmante demann sèvis yo nan prèske 100%. Rezo nou an te jwenn otonomi ak amelyore gras ak finansman siplemantè, epi patnè nou yo nan Biwo Eta New York pou Moun Aje a te travay ak dilijans pou asire fon sa yo ale byen vit jwenn founisè yo nan kominote a. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak sipò depi lontan li anvè rezo vyeyès la ak angajman li pou asire Nouyòkè ki pi aje yo kapab vyeyi avèk diyite, otonomi ak respè".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)